janapaylıǵında aytılatuǵın hárbir qosıqtaǵı obrazlardı jańa minez-qulıq, milliy kelbet, túr-tús, qashırım, sekiller menen beriw sheberligin de jetilistirdi.

Shákirtiniń talantına, kásiplik bilimin tınıq iyelegenligine hám ádep-ikramlı bolıp kamalǵa kelgenine ábden kewli pitken Aqımbet baqsı Qaratawdıń arjaq-berjaǵındaǵı xalıqtı jıynap, ullı toy berdi. Toy beriwdegi niyeti, óziniń tórt shákirtin – Muwsa, Edenbay, Esemurat hám Bayniyazlardi sınaǵınan ótkerip, pátiya berip jiberiwden ibarat edi.

Sınaqtıń shárti boyınsha shákirtlerine eń qıyın namanı birim-birim ayttırıp kórip, qaysı shákirtiniń atqarıwı kópshilikke maqul bolsa, dáslep soǵan pátiya beriw edi. Xalıq jıynalǵan qurdıń oraylıq maydanına ornatılǵan gúlmıyıqlı arbanıń gúpshegine tal shıbıqtay salınǵan xoshirey jas óspirim balanıń kelip otırıwı, bir qaraǵanda kópshilikke elespesiz bolıp kórinse de, duwtardıń kóterip gúmbirlete shertip, ayaqtı tirep turıp, «ha-a-a» dep hawazdı kótere jańlatıp qosıq aytqanında, hammeniń qarsı aldında jezpánjeli burkittey, ańlar patshası arıslanday aybatlı bir qudiretli tulǵanıń payda bolǵanına jurt gúw etip, dúr silkingendey boldı. Ustazdıń sınaqqa tańlaǵan tórt naması da jańa usıl, jańa dóretiwshilik ózgerisler tásiri menen jıynalǵan xalıqtı quwanıshqa bólep, olarǵa tap bir teatrdaǵı saxnalıq kórinisti ráhátlene júrekten sezin-dirgendey kúyge túsirdi.

**Ádebiyatlar**


1. A.Allamuratov, O.Dospanov, G.Tilewmuratov «Qaraqalpaqsha kórkem óner atamalarınıń sózligi» 1991-jıl.
3. Q.Maxsetov «Dástanlar, jırawlar, baqsılar» 1992.
4. Q.Ayımbetov «Xalıq danalıǵı» 1988.



**REZYUME.** Bu maqolada baxshilarning shogirdka ustoz boʻlish, ustozlar shogird chiqarish, shogirdlarni koʻplab tayyorlash masalalari baxshilarning xalq oldidagi yuksak vazifalari haqida soʻz etiladi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье обсуждаются вопросы того, как бахши становится учителем ученику, учителя делают учеников, обучают множество учеников, а также высокие обязанности бахши перед народом.

**SUMMARY.** This article discusses how a bakhshi becomes a teacher to a student, teachers make students, teach many students, as well as the high responsibilities of a bakhshi to the people.


## СУРХАНДӘРЬЯ ЎӘЛАЯТЫ ТЕРМИЗ ҚАЛАСЫ ИЛИМИЙ ЭКСПЕДИЦИЯ НӘТИЙЖЕЛЕРИ


**Моянов Ықласбай Жийенбаевич** – *доцент, п.и.б.ф.д (PhD)*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдений институты Нөкис филиалы*



**Таянч сўзлар:** қарор, буйруқ, экспедиция, экскурсия, фольклор, этнография, савол-жавоб, суҳбат, халқ оғзаки ижодиёти наъмуналари, достончилик, бахшчилик, миллий анъана ва қадриятлар, тўй маросимлари.

**Ключевые слова:** решение, приказ, экспедиция, экскурсия, фольклор, этнография, вопросы и ответы, беседа, образцы устного народного творчества, былинность, бахши, национальные традиции и ценности, свадебные обряды.

**Key words:** decision, order, expedition, excursion, folklore, ethnography, questions and answers, conversation, samples of oral folk art, epics, Bakhshi, national traditions and values, wedding ceremonies.


Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2023-жыл 25-декабрьдеги «Материяллық емес мәдений мийрасларды қорғаў, илимий үйрениў ҳәм көмеклесиўди еледе раўажландырыўға тийисли қосымша илажлар ҳаққында»ғы қарары, Өзбекстан Республикасы мәдeният министрлигиниң 2024-жыл 9-феврал күнги «Министрлик қурамындағы жоқары оқыў орынлары студентлериниң материаллық емес мәдений мийрас үлгилерин жазып алыўға бағдарланған илимий экспедицияларға қамтып алыў ҳаққында»ғы буйрығында белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде, Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы директорының 29-июль 2024-жыл буйрығына тийкар Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы Халық дөретиўшилиги факультети «Фольклор ҳәм этнография» кафедрасы доценти, п.и.б.ф.д (PhD) Ықласбай Моянов басшылығында «Бақсышылық дәстаншылық» тәлим жөнелиси студентлери Айтбаев Азизжан ҳәм де

Теңелбаев Қаржаўбайлар менен биргеликте 29-июль, 3-августь сәнелери аралығында Сурхандәрья ўәлаяты Термиз қаласында экспедиция сапарына атландық. Илимий экспедициямыз барысында, ўәлаят аймақларындағы халық аўызеки дөретпелериниң үлгилери, дәстаншылық, бақсышылық, миллий үрп-әдетлери ҳәм қәдириятлар, той мәресимлери сыяқлы жанрларды үйрениўди алдымызға мақсет етип алдық. Экспедиция ағзалары усы жылдың 30-июль күни Сурхандәрья ўәлаяты Термиз қаласына жетип барып, орналасып сол күнниң өзинде мәденият басқармасы менен биргеликте шөлкемлестириў жумысларын алып бардық.

Ертеңине, мәмлекетлик емес мәдений мийрасларды үйрениў бойынша бақсышылық көркем өнерине қәнигелестирилген республика мектеп интернатында болып, бул жерде Өзбекстан халық бақсысы, Өзбекстан жазыўшылар аўқамы ағзасы усы мектеп интернаты оқытыўшылары Шодмон бақсы Хожамбердиев, «Мәдeният ҳәм көркем өнер пидайысы» көкирек белгиси ийеси Омон бақсы Шерназаров ҳәмде Жовли бақсы Танировлар менен көрисип Сурхандәрья бақсышылық мектеби бойынша сәўбетлесиў жумыслары алып барылды.

Мениң өзимди Өзбекстан халық бақсысы Шодман бақсы Хожамбердиевтиң дөретиўшилик жолы қызықтырғанлықтан, оның өзинен бизлерге оғада керекли бир қанша мағлыўматлар алыўға тырыстық. Шодмон бақсы шынжырма-шынжыр киятырған бақсылар әўладынан екен. Шодмон бақсының дайылары тәрепинен Шомурад бақсы, Байқул бақсы, Шотура бақсы, Шодмон бақсының ағасы Эргаш бақсы кейин Шодмон бақсы болып, бесинши әўлады екен. Алдыңғы бақсылар мектеби Шерна бақсыдан алынған. Шерна бақсының шәкиртлери болған Шотура бақсылар, Умир бақсы, Чарша бақсы, Қора бақсылар өтти мархум, Чори бақсы Умиров жақында 90 жасында дүньядан өтти. Қодир бақсы сол бақсылардан изине ерип үйренетин едик, бизлер сол бақсылардың шәкиртлеримиз. Он жыллап устаздың изине ерип еситип үйренгенбиз. Бул бақсылардың устаз-шәкирт дәстүри болып есапланады, бул дәстүрди бузбаўымыз керек деп тоқталып өтти. Булардың бәри Шерна бақсының мектеби. Мысалы: Эргаш Жуманбүлбил мектеби, Фозил Юлдош мектеби, ал бул жерде Шерабатда Шерна бақсы дәстаншылық мектеби бар.

Сораў: Бақсышылық көркем өнерине қәнигелестирилген республика мектеп интернаты ашылмастан бурын, бақсышылық мектебин оқытыў жағдайы қандай еди?

Жууап: Алдын бизлерде бақсышылық көркем өнерине итибар онша жоқ еди. Бақсышылық көркем өнери бир булақ болатын болса, Президентимиз булақтың көзин ашты. Бақсышылық көркем өнери жоғалып кетпесин, бул миллий өнеримиз, ата-бабамыздан киятырған миллий көркем өнер деп усы бақсышылық мектебин қурып берди.

Сораў: бақсышылықтағы нама, қосық жағы қалай айтылады? деп сорағанымызда төмендегише жууап берип өтти.

Жууап: Бизлерде куй деп айтылмайды, бизлерде нағма деп айтылады. бул нағмалардың өз алдына атамалары бар, деп бизлерге Шодмон бақсы өзи нағмалардың атларын айтып домбырада шертип көрсетип берди. Бизлер Шодмон бақсы шерткен нағмаларын аудиео запис қылып жазып алғанбыз. Мысалы: «Омонияизи» нағмасы, «Түркмани» нағмасы, «Қоводиёрим» нағмаси, «Қизлар сув бергил ичайлик» нағмаси болып дәстанларда айтылады. «Қилайим» нағмаси, «Худоёри» нағмаси, «Сарбиназ» нағмаси.

Түркмани куйин Абдимурат бақсы утсаздың қолынан үйренгенмен. Енди бақсылар бир-биримизден үйренип кетеберемиз. Тәжирийбеси асып кетебереди. Бир бақсыдан бир нәрсе үйренесиз, басқа бақсыдан және бир басқа нәрсе үйренесиз. Солай етип бақсылар излениўде болыў керек.

Сораў: Шәкиртлердиң келиўи, балалардың қызығыўшылығы қандай деп сорағанымызда.

Жууап: Шодмон бақсы өзиниң шәкиртиниң жетискенлиги менен баслап, бунда Тошмуродов Дониёр 6-класс оқыўшысы Бозатаў фестивалынан 2-орынды алып келди. Республикада 1-орынды алды, кейин гранприди қолға киритип Испанияға жоллама алды. Қәбилетли балалар жүдә көп, Наўайы ўалаятынан келген, Самарқанд, Ферғана ўалаятларынан келген шәкиртлеримиз бар.

Жәнеде устазлардың айтыўы бойынша бақсының мойнында қарызы бар, бир жақсы шәкирт таярлап шығарыў керек ҳәмде билгенинше дәстанын китап қылып жазып бериў керек деп сөзин жууамақлады Шодмон бақсы.

Теңелбаев Қаржаўбай 2-курс студентимиз «Мәдeният ҳәм көркем өнер пидайысы» көкирек белгиси ийеси Омон бақсы Шерназаров пенен сәўбетин өткерди. Омон бақсы устазы Қодир бақсы екенлигин айтып, өз сәўбетин баслады. Самархандта Эргаш Жуманбүбилден 50 дәстанын жазып алған,

Фозил Юлдаштан 60 тай дәстан жазып алынған, Полкан шайырдан 70 тей дәстан жазып алынып әўладтан-әўладқа жетип келинген. Мениң өзим де 2 дәстанды баспаға бергенмен, жақын арада несип етсе баспадан шығады. Бул «Момогул» деген дәстан «Гөроғлы» дәстаны түркимине киреди. Өзбекстан Республикасы Алишер Наўайы атындағы әдебият музейиниң директоры филология илимлери докторы, профессор Жаббар Эшанкулов «Кундиз бенен Юлдиз» дәстанын Сурхандәрья Шерна бақсы вариантын маған жазып тапсырың деген еди. Мен оны жазып тапсырдым куда кәлесе жақын арада шығады. Мениң бабам нағма шерткен, қосықта азырақ айткан бирақ үлкен бақсы болмаған. Өзим ҳәм мениң қарындасым Зулхумар бақсы оның избасарларымыз.

Сораў: Қолыңыздағы домбыра ҳаққында мағлыўмат берип өтсеңиз.

Жуўап: Бул домбыра алмурт мийўе ағашынан исленген, зардоли тереги, ғоза терегинен, алма терегинен исленеди. Ең домбыра жақсы шығатуғыны алмурт пенен зардоли терегинен жақсы шығады.

Бул қолымдағы домбыра пүтин ағаштан исленген, кийинги ўақытларда бөлек қылыпта исленип атыр, дәстеси бөлек, касасы бөлек қылып.

Енди еки жанрда атқарып жүрген бақсылар бар. Сыртқы даўыста айтатын бақсылар ҳәм ишки даўыста айтатын бақсылар. Сизлерде қарақалпақта қобыз бенен атқарғандай. Алдын бизлерде 60-70-жыллары қобыз бенен атқарған бабаларымызды көрдик. Дәстанларды қарақалпақша даўыс (ырғақта)да, қарақалпақша жөнелисте айтатын еди.

Омон бақсы 1984-жыллары Ташкент қаласында марҳум Жумабай жыраў Базаров пенен ушрасқан екен ҳәм Жумабай жыраўдың «Не жаман» деген термесин үйренип ядлап алыпты ҳәм бизлерге домбыра әсбабында қарақалпақша жөнелисте атқарып берди.

Сораў: Сиз 30 дай дәстан билемен деген едиңиз, сол дәстанлардың атларын айтып бересизбе?

Жуўап: атлары «Қишкелди» дәстаны Гөроғлы түркимине киреди, «Олти қобоқ» дәстаны Гөроғлы түркимине киреди, «Малла совдогор» дәстаны Гөроғлы түркимине киреди, «Хондәли» дәстаны Гөроғлы түркимине киреди, «Ҳасанхон» дәстаны Гөроғлы түркимине киреди, «Юсипбек», «Бексори» дәстанлары. Гөроғлы дәстанынан басқа, Сурхандәрья, Қоңырат дәстанларынан «Алланазар олчинбек» дәстаны, «Алпамыс» дәстаны, Шерободта «Айпарша» дәстанлары бар. Бақсы дегени ҳәм шайыр, ҳәм композитор, ҳәм атқарыўшы. Бақсы бирден тоқып кетеди. Мысалы: дәстан айтып атырған болса Алпамыстың Қоңырат елинен Қалмақ елине барыўы ане соның ишиндеги сөзлерди тоқыпта кетебереди. Ядлап айтпаймыз бизлер тоқып айтамыз, ядлап болмайды китапты. Бир ўақыяның сюжетини билсек соны дәстан қылып атқарамыз. Дәстан қысса, ўақыя, ертек дегени. Маған бир ертекти айтып берсеңлер мен сол ертектиң мазмунын сюжетин билип алсам мен соны дәстанға айландыраман.

Сораў: Тарийхта қыз бақсылар болғанба?

Жуўап: Самарқандта Эргаш Жумамбүлбилдиң мамасы болған дейди. 1860-жыллары Султан буви тилла кемпир өткен. Бир қазақ адам келип Султан кемпирге саўал берипти өзбектиң сулыўы мына таў неше жасқа кирген деген ўақта.

Кемпир:

Палакни гардишин көр,
Оллоҳни ишини көр,
Мен билмеймен,

Аўзын ашып тисин көр деген. Сондай шешен кемпир өткен деседи. Басқа бизде Сурхандәрья, Қашқадәрьяда ҳаял бақсы болмаған. Ҳәзир ишки даўыста айтатуғын Зулхумар бақсы бар тек. Ҳәзир Өзбекстанда бир өзи, ишки даўыста айтатын. Сыртқы даўыста айтатын бақсы көп Майсара бақсы бар. Бирақ бақсышылық өнеринде сыртқы даўыста айтыў мүмкин емес, дәстүр бузылады.

Айтбаев Азизжан 2-курс студентимиз Жовли бақсы Таниров пенен сәўбет өткерип барды. Жовли бақсы Таниров 1963-жылы Қашқадәрья ўәлаяты дийханабат аўылында туўылғанман деп сөзин баслады. Бизиң бабамыз Өмир бақсы Сапаров бақсы болған. 2003-жылы «Саксаннор» дәстанын Абдуали Эргашов жазып алып китап етип шығарған. Усы 2024-жылы «Гөруғлининг туғилиши» дәстанын запис етип жазып алды, оны енди китап етип басып шығыўы керек. Кейин «Зайдиной» дәстанын, «Ғайипной» дәстаны Гөроғлының ең ақырғы дәстанын жазып алды.

Сораў: Сизлерде домбырада неше нағма бар?

Жуўап: Алдынғы устаз бақсылар айтып өткен: Отыз еки нағмам бар, бирин шертсем бирим бар. Тийкарынан 32 нағма шығады. Буған кейин ҳәр нағмаға қосымша киритип бараберген. Ҳәзир енди 80 нағмадан асты жаңа нағмалар жаратылып атыр.

Сораў: Сол билетин нағмалар атын санап бераласызба?

Жуўап: Қара қоңырат, Омон ёр, Лоқай жилаш, Келиной, От ҳайдаш, Түркман нағма,

Ғарип нағма, Амир қошди, Оқсоқ, Чопан, Қирғиз нағмалар бор, Қой қайтариш нағмаси қой гүйис қайтарып турған жери деп шертеди, Калиш қоқма деген нағманы атамнан еситкенмен бирақ ядымда қалмаған. Жәнe сондай нағмалар бар адамның атына қойылып кеткен. Сол адам шерткенсоң, соның нағмасы деп кеткен.

Сораў: Қандай дәстанларды атқарасыз көбинше?

Жуўап: Тийкарғы дәстан төрт дәстан өзи. Қоңыратларда Алпамыс, Дөрманларда Күнтуғмиш дәстаны, Хорезмде Юсип-Ахмет, Сурхандәрьяда Ойпарша дәстаны. Одан кийингилер дөретиўшилиги күшли бақсылар, сюжети күшли ертеклерди дәстан қылып атқарған. Мысалы: Рустамхан, Ширин-Шакар, Арзигул ҳ.т.б лар, булар сюжети ертек дәстанлар. Енди Гөроғлы түркимине киретуғын 120 дәстан. Содан ҳәзир 112 ме дәстаны жазылды. Гөроғлының 40 жигитин алып келиўи 40 дәстан. Қашқадәрья, Сурхандәрьяда атқарылатуғын дәстүрге айланып қалған өзи 20 ға жақын дәстан айтылады. Оданда ҳәзир биразы қысқарып қалған. Алпамыс, Кунтуғмиш, Сулыўхан, Малла совдогар, Болқиўа, Хондали, Олтин қовоқ, Авазхоннинг туғилиши, Авазханнинг дуўа олиб кетиши, Ойпарша, Алланазар Олшинбек, Юсип-Ахмет ҳәр ўақта атқарылады. Тийкарынан усылар.

Сораў: Сурхандәрья менен Қашқадәрья бақсыларының айырмашылығы қандай? Айтылыў жолларынанба мысалы:

Жуўап: Қашқадәрьяныңда дийханабат районы Шерабат мектебине қарайды. Сурхандәрья, Қашқадәрья бақсыларының устаз мектеби бир. Жәнe оларда Қамай мектеби бар. Ол Қамай мектебинде Шомирод Тоғаев олардың жөнелисиде бөлек, дәстан атқарылыўыда бөлек. Сурхандәрья, Қашқадәрья бақсыларының айтылыўы бир, мектеби бир, бирақ атқарыў жолы бөлек, яғный дәстанлары бир, бирдей дәстанды айтады, бирақ атқарыў жоллары парықланады. Сурхандәрьяда Шоберди Болтоев бақсы ол йошлы, шоқ, ойынға қолай нағмаларда атқарылады. Қашқадәрьяда Қодир бақсы өткен ол аўыр, жылататын нағмаларды атқарады.

Сораў: Неше шәкиртиңиз бар? Усы ўақытқа дейин қанша шәкирт жетистирдиңиз?

Жуўап: Ҳәзир мектептеги шәкиртим 6 шәкиртим бар. Мектептен тысқары 6, 7 шәкиртим бар. Ең танықлысы Шухрат медалын алды Бахрам бақсы. Өмир бақсы Сапаров бизиң бабамызға Қодир бақсы Рахимов шәкирт түскен, Қодир бақсыға мен шәкирт түскенмен. Қодир бақсынын генже улы маған шәкиртликке түскен.

Сораў: Домбыраның нағмаларын ноталастырыў имканияты бар ма? Ол бойынша қандай жумыслар алып барылып атыр?

Жуўап: Әсте-әсте бул жолға түсип киятыр. Бәрибир қәлеймизбе қәлемеймизбе ноталастырылады бул. Нағмаларды ноталастырып атыр. Дәстанды ноталастырылған жоқ себеби дәстан бир текстте айтылмайды. Бирақ термелерди 1,2 нағмаларды нотаға түсирсе болады. Жовли бақсы Танировтың қасында отырған жас қыз (атын билмедим, сол мектепте ислейди) менде өз пикиримди билдирсем деп, өз пикирлери менен бөлисти. Ноталастырыў бул сақлап қалыў, мысалы Шоберди бақсы Болтаевта 32 нағмам бар деп айтқан болса, сол 32 нағманың бәри сақланып қалынған жок. Нағмалардың атларын айтып бериң деп атырсыз, бизлер бәрин айтып бере алмай атырмыз. Мысалы: Мақомда өз ўақтында ноталастырылмаған, ҳәзирги ўақытта нотаға түскени менен нота менен атқарылмайды. Сулық пенен еситип үйренип киятырғанлар қанша. Бақсышылықта тап усындай. Егер ўақтында ноталастырылғанда бизлер өтип кеткен устазды көрмесекте нотасын алып шертип көрип мәнисин түсинген болар едик, нағмасы усындай болған екенғо деп түсинер едик. Соның ушында ноталастырылыў керек деп ойлайман. Бул енди жаслардың пикири. Жане устазлар өзлери биледи.

Жовли бақсы пикири: Тийкарғы мақсет дәстүрди сақлап қалыў. Дәслепки дәстүр солай болған нотаға салынбаған, еситип солай үйренип атқарылып келинген. Бул ноталастырылса тийкарғы дәстүр сақланбайды, дәстүрди сақлап қалыў қыйын бунда. Жәнe бир нәрсе бир нағманы шертетин болсақ барлық ўақта бирдей болып шертилмейди. Бирақ сол нағма. Деп пикирлерин билдирип өтти.

Соның менен бизлердиң бақсышылық көркем өнерине қәнигелестирилген республика мектеп интернатында өткерилген 1-кунимизди усылай жуўмақладық.

Экспедиция ҳәм экскурсия жумысларының екинши күни 1-августь сәнесинде мәмлекетлик емес мәдений мийрасларды үйрениў бойынша Сурхандәрья ўәлаяты Қумқорған қаласы Янгиер аўылында болып. Онда мәдeният орайында экспедиция, экскурсия жумыслары шөлкемлестирилди. Бул жерде «Боботоғ гүллари» фольклор халық жәмәәти көркемлик жақтан басшысы Ешқабулова Анар апа ҳәм де фольклор халық

жәмәәти ағзалары менен биргеликте сәўбетлесиў жумысларын алып бардық. Бул жерде бизлерди жәмәәт ағзалары миллий кийимлери менен сахнада сәлемлесиў қосығы менен жүдә жақсы күтип алды. Бул жерде момолар Сурхандәрья фольклоры, үрп-әдетлери, дәстүрлери, қәдриятлары ҳаққында кеңнен түсиндирип айтып өтти. Фольклор қосықларын өзлери атқарып көрсетип берди. Соның ишинде жүдә кең түрде той мәресимлери ҳаққында яғный ул үйлендириў, қыз узатыў дәстүринен баслап перзентли болып ол перзентиниң камалға жетиўине шекемги аралықтағы үрп-әдети, дәстүрлери ҳаққында кеңнен мағлыўматлар берип өтти.

Экспедиция ҳәм экскурсия жуўмағында алған тәсирлеримиз ҳәм мағлыўматларымыз бойынша илимий мақалалар ҳәм де Сурхандәрья халық аўызеки дәстүрлери бойынша методикалық қолланбалар таярлаўды алдымызға мақсет етип алдық.

**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада 2024 йил 29 июл ва 3 август кунлари Сурхондарё вилояти, Термиз шаҳрида экспедиция натижалари Сурхондарё бахшилари билан қилинган суҳбатлар ва ундан олинган таъсуротлари ҳақида маълумот берилган.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье представлена информация о результатах экспедиции, проведенной 29 июля и 3 августа 2024 года в Термезе, Сурхандарьинская область, об интервью с бахши Сурхандарьи и учреждениями, полученных в результате этой экспедиции.

**SUMMARY.** This article provides information about the results of the expedition conducted on July 29 and August 3, 2024 in Termez, Surkhandarya region, about interviews with Bakhshi Surkhandarya and institutions obtained as a result of this expedition.

## MUSIQA TA’LIMI TIZIMINI TAKOMILLASHTIRISH - DAVR TALABI

**B.Mustafoyev**- *professori v.b.*
*Bux. DU «Musiqa ijrochiligi va madaniyat» kafedrasi*

**Tayanch so‘zlar:** san’at, madaniyat, musiqa, bastakor, musiqiy asar, milliy me’ros, koncert.
**Ключевые слова:** искусство, культура, музыка, композитор, музыкальное произведение, национальное наследие, концерт.
**Key words:** Art, culture, music, composer, musical work, national heritage, concert.

Mustaqillik yillarida barcha sohalar qatori musiqa ta’lim-tarbiyasi tizimini rivojlantirishga ham alohida e’tibor qaratildi. Ayniqsa, yoshlarni milliy musiqa san’atiga qiziqtirish, musiqiy merosimiz bilan tanishtirish, san’at va madaniyat sohasi mutaxassislarining kasbiy mahoratini oshirishda O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2017-yil 17-noyabrda “O‘zbek milliy maqom san’atini yanada rivojlantirish chora-tadbirlari to‘g‘risida”gi qarori muhim ahamiyat ega. Unda xalqimiz madaniy merosining ajralmas qismi bo‘lgan milliy maqom san’ati o‘zining qadimiy tarixi, teran falsafiy ildizlari, betakror badiiy uslubi va boy ijodiy an’analari bilan ma’naviy hayotimizda muhim o‘rin egallayotganligi ta’kidlab o‘tildi. Qarorda o‘zbek milliy maqom san’ati markazining asosiy vazifalari etib quyidagilar belgilandi: jumladan, xalqimiz, xususan, yosh avlodni maqom san’ati bilan keng tanishtirish orqali ularda milliy o‘zlikni anglash tuyg‘usi, yuksak badiiy-estetik did va tafakkurni kamol toptirish, ta’lim muassasalariga mohir maqomchi san’atkorlarni biriktirish va shu asosda “Ustoz- shogird” maktablarini tashkil etish vazifasi topshirildi [1].

Aslida, musiqa ta’lim-tarbiyasi Konsepsiyasida ham “Musiqa ta’lim-tarbiyasining maqsad - yosh avlodni milliy musiqa merosimizga vorislik qila oladigan hamda umumbashariy musiqa musiqa namunalarini anglaydigan, tushunadigan va qadrlaydigan madaniyatli kishilar qilib tarbiyalash” ko‘zda tutilgan [2].

1990-yillar O‘zbekiston Respublikasida musiqa ta’limini rivojlantirish yangi bosqichi boshlandi. san’at va madaniyatga e’tibor yanada kuchaydi. Milliy musiqa san’ati va ijrochiligini yanada rivojlantirish, yoshlar o‘rtasida uni targ‘ib etish maqsadida muhim ishlar amalga oshirildi. O‘zbekiston davlat Konservatoriyasi, madaniyat va san’at institutlari, musiqa, san’at va madaniyat kollejlari, akademik litsey va maxsus musiqa maktablarida yoshlarga milliy musiqa san’atini o‘rgatish shart-sharoit va imkoniyatlari vujudga keldi. Jumladan, quyi, o‘rta va oliy musiqa ta’limi tizimidagi o‘quv muassasalari o‘quv reja va dasturlariga “An’anaviy xonandalik va sozandalik” mutaxassislik fanlari kiritildi.

Musiqiy ta’lim-tarbiyani rivojlantirish oliy va o‘rta-maxsus, xalq ta’limi tizimlarida musiqa madaniyati fani o‘qitilishining samaradorligini oshirish, borasida qator hujjatlar qabul qilindi,